



Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM LIDÈCHIP DEKABONIZASYON POU REDWI EMISYON KABÒN NAN ETABLISMAN ETA YO

Plan aksyon dekarbonizasyon yo pral gide redwiksyon emisyon kabòn ajans yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwogram Lidèchip Dekarbonizasyon an, yon inisyativ dekarbonizasyon ak elektrifikasyon administre pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ki gen ladann devlopman enèji ak pwofil emisyon nan pi gwo etablisman ki emèt kabòn Eta a ak plan aksyon dekarbonizasyon ki pral gide ajans eta yo sou amelyorasyon etablisman yo ki pral redwi emisyon kabòn an soutyen ak Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a k ap mennen nan peyi a.

"Pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, nou ap dirije pa egzanp epi fikse estanda pou lòt yo swiv", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Lidèchip Dekarbonizasyon Otorite Enèji a pral pèmèt antite gouvènman New York yo fè yon bilan sou pwofil emisyon yo epi devlope yon plan atak pou diminye emisyon yo. Enstitisyon sa yo pral fòme yon demen ki pi pwòp pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo gras ak lidèchip aksyon klimatik yo ak jerans anviwònmanal pa yo."

Nan kad Bidjè Eta 2023-2024 New York la, yo te otorize Otorite Enèji New York (NYPA) la epi yo te mande pou l devlope plan aksyon dekarbonizasyon pou 15 nan etablisman Eta ki gen pi gwo emisyon yo. Pandan ajans ki opere enstalasyon yo aplike rekòmandasyon ki tabli nan plan aksyon yo, n ap akselere pwogrè nan direksyon yon sektè bilding ki pi pwòp ki pral akselere. Pwojè dekarbonizasyon fiti yo pral kreye djòb enèji pwòp epi yo pral gen ladan nouvo teknoloji inovan, tankou rezo enèji tèmik ki ta konekte plizyè bilding ak sous enèji san kabòn yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Otorite Enèji New York la pral travay avèk dirijan dirabilite ak operasyon etablisman yo nan kèk nan etablisman ki emèt plis kabòn nan eta nou an pou devlope plan aksyon dekarbonizasyon ki pral enfòme epi pèmèt aplikasyon pwojè dekarbonizasyon yo. Angajman New York pou garanti yon avni enèji pwòp mande aksyon epi Otorite Enèji a fyè pou l ede avanse objektif klima anbisye New York yo atravè patenarya kliyan gouvènman inik nou an."

Otorite Enèji ap fè patenarya nan kad yon nouvo inisyativ redwiksyon kabòn ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY), Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS), Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), ak Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY).

Yo ap planifye vas efò dekarbonizasyon aktivman pou etablisman Eta sa yo:

- Empire State Plaza
- Kanpis Bilding Biwo Leta W. Averell Harriman
- State University of New York nan Albany
- State University of New York nan Binghamton
- State University of New York nan Buffalo
- State University of New York nan Potsdam
- State University of New York nan Oswego
- State University of New York nan Stony Brook
- Buffalo State University
- Brooklyn College
- The City College of New York (CUNY)
- Hunter College
- Attica Correctional Facility
- Pilgrim Psychiatric Center
- Rockland Psychiatric Center

Pwogram Lidèchip Dekarbonizasyon an pral pèmèt antite eta yo bati plan aksyon dekarbonizasyon ki pral mennen nan pwojè dekarbonizasyon ak elektrifikasyon ki gen anpil enpak.

NYPA deja bay yon gran varyete teknoloji enèji ak sèvis enèji renouvlab bay antite gouvènmantal eta ak lokal yo, ki gen ladan odit enèji, jeni pwojè, konsepsyon, enstalasyon, ak jesyon konstriksyon. Kèk nan pwojè efikasite enèji NYPA aplike ak kliyan yo gen ladan renovasyon ekleraj ki pi efikas, detèktè ekleraj ak detèktè limyè solèy pou lokatè, sistèm jesyon bilding ak enèji, chofez dlo, refwadisè, sistèm jesyon lè, depo tèmik, mikworezo, sistèm fotovòltayik solè, sistèm gaz dijestè, ak teknoloji enèji emèjan yo. NYPA bay finansman ak rekiperasyon depans konplè pou kliyan li yo.

Pou plis enfòmasyon sou pwodwi ak sèvis enèji pwòp Otorite Enèji a pou kliyan gouvènman yo, vizite paj wèb [Pwodwi ak Sèvis](#) la sou sitwèb NYPA.

Komisè pa Entèrim nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York Ian, Daniel F. Martuscello III, te deklare, "Konsekans chanjman klimatik yo konsidrab epi yo gen yon enpak inik sou moun k ap viv ak travay andedan etablisman koreksyonèl New York yo. DOCCS fyè dèske li fè pati pwogram Lidèchip Dekarbonizasyon an epi pou wòl nou nan etabli estanda enèji pwòp nan bilding Eta yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou devouman li nan Plan Klima Eta New York la epi pa

ka tann pou m travay avèk NYPA pou diminye anpriyet kabòn nan Attica Correctional Facility."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "OMH fyè pou l rejwen NYPA ak lòt ajans eta a yo pou ede diminye anpriyet kabòn Eta a. Atravè Pwogram Efikasite Enèji Konplè nou an, OMH te redwi dramatikman konsomasyon enèji ak emisyon kabòn atravè itilizasyon sistèm chofaj ak refwadisman ki efikasite anpil, amelyorasyon LED, enstalasyon selil kabiran ak konvèsyon an gaz natirèl ki gen gwo efikasite olye mazout nan sant sikyatrik nou yo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk patnè Eta nou yo pou nou redwi plis depans enèji New York yo ansanm ak pwodiksyon gaz ki lakòz efè sè yo."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Empire State Plaza ak Kanpis Bilding Biwo Leta W. Averell Harriman se de nan pi gwo pwopriyete Biwo Sèvis Jeneral (OGS) jere ak de nan pi gwo etablisman ki emèt plis kabòn nan Eta New York. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, OGS te priyore entegre dirabilite nan tout operasyon nou yo, enkli jesyon byen imobilye. Pandan plizyè ane ki sot pase yo, OGS te travay kole ak Otorite Enèji New York la pou aplike pwojè efikasite enèji nan tout pòtèfè nou an, ki gen ladan konvèsyon ekleraj LED ak enstalasyon yon refwadisè elektrik. Nou pa ka tann pou nou ranfòse patenarya sa a atravè Pwogram Lidèchip Dekarbonizasyon Gouvènè Hochul la, pandan n ap trase yon chemen pou diminye plis anpriyet kabòn nou an epi kreye yon anviwonman ki pi pwòp, ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Lè nou fè yon bilan sou pwofil enèji ak emisyon kabòn kanpis CUNY yo, n ap ede adrese youn nan pwoblèm ki pi enpòtan epi ki pi ijan nan epòk nou an. CUNY kontan pou l patisipe nan pwogram Lidèchip Dekarbonizasyon an ki pral pran mezi enpòtan pou diminye enpak bilding nou yo sou anviwonman an. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi nou pa ka tann pou nou travay avèk NYPA sou inisyativ ki nesèsè sa a."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Konsantrasyon SUNY sou diminisyon enpak chanjman klimatik la global—soti nan kou pwofesè nou yo anseye rive nan pi jewotèmik ki pral chofe ak refwadi sal konferans nou yo—epi nou te benefisye envèstisman Gouvènè Hochul ak lejislati a pou redwi enpak kabòn nan gwo anpriyet SUNY an. Sistèm SUNY ak kanpis nou yo fyè pou yo fè patenarya ak NYPA sou nouvo inisyativ rediksyon kabòn lan pou akselere tranzisyon enèji nou an."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan

tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt ap sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la nan 2021, ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou plis enfòmasyon, vizite www.nypa.gov epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)